



Pou Piblikasyon Imedya: 21/08/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL INOGIRE ESKILTI PÒTRÈ KI IMÒTALIZE JIJ RUTH BADER GINSBURG NAN KAPITÒL ETA NEW YORK LA

Fanmi Ginsburg ak eskiltè Meredith Bergmann prezan

Pòtrè Jij la se premye eskilti ke y ap ajoute nan Eskalye Gran Selèb Rejyon Lwès Kapitòl la depi li te fini an 1898

Gouvènè Kathy Hochul te ofisyèlman inogire eskilti Jij Ruth Bader Ginsburg, ki se Asosye nan Tribinal Siprèm Ameriken an ak yon natif natal Brooklyn nan Eskalye Gran Selèb Rejyon Lwès Kapitòl la.

"Pandan karyè li, Ruth Bader Ginsburg te sèvi kòm yon fòs motris pou dwa fanm yo epi te batay san pran souf kont diskriminasyon ki baze sou sèks", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kòm premye fanm ki te eli kòm Gouvènè Eta New York, mwen rejwenn plizyè milyon fanm ke sajès ak kouraj Jij Ginsburg te enspire. Prezans pòtrè li nan Kapitòl la pral rete kòm yon rapèl dirab eritaj ekstraòdinè li a ak pozisyon avangad Eta New York nan mouvman pou vòt ak dwa fanm yo".

Komisè Biwo Sèvis Jeneral Eta New York la, Jeanette Moy, te deklare, "Jij Ginsburg te kwè ke pwogrè sosyete a fèt yon fason gradyèl, kote li di 'vrè chanjman, chanjman dirab, fèt ti pa ti pa'. Eta New York te pran youn nan etap ki gen enpak sa yo jodi a lè Gouvènè Hochul te inogire eskilti Jij Ginsburg sa a nan yon lokal ki enpòtan nan Kapitòl kote sèlman pòtrè gason te egziste jiskaprezan. Ekip OGS la fyè de wòl nou te jwe nan ajoute resanblans Jij Ginsburg nan Eskalye Gran Selèb Rejyon Lwès Kapitòl nou an".

Atis Meredith Bergmann te deklare, "Mwen te onore paske yo te chwazi mwen pou m fè eskilti pòtrè youn nan ewo m yo pou eskalye bèl ak ideyalis sa a. Jij Ginsburg te yon bèl egzantp sou sa yon Jij Tribinal Siprèm ta ka ye, epi kounye a li ka salye ak enspire lejislasyon nou yo pandan y ap kwaze l sou wout travay yo".

Pòtrè Jij Ginsburg la pral premye nouvo eskilti ki te ajoute nan Eskalye Gran Selèb Rejyon Lwès la depi achèvmant eskalye a an 1898 epi se sèlman setyèm fanm ki reprezante nan galri eskalye a. Yo te chwazi lokal dezyèm etap la pou eskilti a ki mete Jij Ginsburg nan yon zòn kote sèlman gason yo te enkli anvan sa.

Eskilti pèmanan Jij Ginsburg la sitiye dirèkteman anlè yon eskilti premye Jij Anchèf Tribinal Siprèm Etazini an, John Jay, sa ki fè Ginsburg se sèlman dezyèm Jij Tribinal Siprèm la, ki gen pòtrè l ki fèt sou Eskalye Gran Selèb Rejyon Lwès la. Yo te kreye resanblans Jij Ginsburg nan menm estil ak pòtrè 19yèm syèk ki egziste deja yo ke yo eskilte nan grè Corsehill eskalye a.

An novanm 2022, fanmi Ginsburg te apwouve modèl eskilti figire Meredith Bergmann pou eskilti pòtrè yo te pwopoze a. Bergmann se yon atis figire feminen ki te eskilte Moniman Pyonye Dwa Fanm yo nan Central Park nan Vil New York la, ki gen ladan sifrajis Sojourner Truth, Susan B. Anthony, ak Elizabeth Cady Stanton.

Yo ka pi byen wè nouvo pòtrè Jij Ginsburg la nan twazyèm etaj Esklaye Gran Selèb Rejyon Lwès la. Gen plis enfòmasyon ak enstriksyon sou eskilti a ki disponib nan biwo enfòmasyon ki nan koridò State Street Capitol la ak sou [sit entènèt](#) Biwo Sèvis Jeneral Eta New York la.

Esklaye Gran Selèb Rejyon Lwès la

Esklaye Gran Selèb Rejyon Lwès la nan Kapitòl Eta New York la se yon eskalye enteryè monimantal ki fèt ak grè Corsehill ke yo te trava anpil. Yo te eskilte eskalye ant 1884 ak 1898. Sèl eskilti modèn ki te fèt nan eskalye a se te pou korije fot òtograf nan non Frederick Douglass an 2019. Eskalye a gen ladann eskilti konplèks flò, fòn, senbòl, ak vizaj Ameriken selèb yo nonmen, ki gen ladan 30 premye gouvènè Eta New York yo, prezidan Etazini yo, eksploratè yo, politisyen yo, envantè yo, syantis yo, otè yo, sòlda yo, powèt yo, aktivis yo, ak abolisyonis yo.

Genyen kounye a sis lòt pòtrè fanm ke yo eskilte nan Esklaye Gran Selèb Rejyon Lwès la, yo tout anba dezyèm etaj la:

- Molly Pitcher, sòlda Lagè Revolisyonè a
- Harriet Beecher Stowe, otè *Kabin Tonton Tom* (Uncle Tom's Cabin) lan
- Susan B. Anthony, lidè sifrajis
- Clara Barton, enfimyè Lagè Sivil
- Elmina P. Spencer, enfimyè nan Lagè Sivil
- Frances E. Willard, militan tanperans

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418